01662

# भोजपुरी में आधार पाठ्यक्रम

## सत्रांत परीक्षा

## जून , 2011

## Course Code : BBHF - 001

*समय : 2 घण्टे* *अधिकतम अंक : 50*

***नोट :*** *सभे प्रश्नन के उत्तर देवे के बा।*

1. नीचे लिखल शब्दन के सही वर्तनी लीखीं। 5

   (क) तिरभुज

   (ख) कइँची

   (ग) आडन

   (घ) अएनक

   (ङ) उठवेले

2. भोजपुरी के तीन गो विभाषा के नाम बताईं जवना पर दोसरा भाषा के प्रभाव होखे। 5

   ____________________________________________

   ____________________________________________ ।

3. खाली स्थान में सही विभक्ति भरीं। 5

   (क) उ कुकर ________ मरलन। (ने / के)

   (ख) पुअरा ________ मड़ई छुवत बा। (से / में)

(ग) देह __________ भिरजई उतार द। (बदे / ले)

(घ) तोहरी ___________हम चल जात बानी। (संतिर/में)

(ङ) ई मेहरारु ___________ लुगरी ह। (क / तरे)

4. नीचे लिखल क्रिया में से बताईं कि कवन अकर्मक ह अ कवन सकर्मक ह? 5

(क) कुलबुलाइल

(ख) जरावल

(ग) पछुआइल

(घ) फरकल

(ङ) बिरावल

5. 'खटिया' निबंध के प्रतिपाद्य पर एगो आलेख लीखीं। 7

6. भोजपुर क्षेत्र के प्रसिद्ध व्यक्तित्व पर एगो संक्षिप्त निबंध लीखीं। 5

7. नीचे लिखल कवितांश के सप्रसंग व्याख्या करीं। 7

''हड़वा मसुइया के देहिया ह हमनी के
ओकरे के देहिया बभनओ के बानी
ओकरा के घरे - घरे पुजवा होखत बा जे
सारे इलकवा भइले जजमानी।
हमनी के इनरा के निगिचे न जाइले जा
पाँके में से भरि-भरि पिअतानी पानी
पनही से पिटि-पिटि हाथ गोड़ तुड़ि देलें
हमनी के एतनी काही के हलकानी?''

8. निम्नलिखित ***में से*** कवनो एगो पर *300* शब्दन ***में*** निबंध लीखीं। 7

(क) ''गबरघिचोर'' नाटक के कथ्य आ प्रतिपाद्य।

(ख) भोजपुरी मीडिया।

(ग) भोजपुरी सिनेमा।

9. निम्नलिखित विषयन ***में*** से कवनो एगो पर *150* शब्दन ***में*** लीखीं। 4

(क) भाषण शैली

(ख) भोजपुरी लोकगीत

(ग) भोजपुरी पत्रकारिता

---